# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–30 जनवरी 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस क मुख्य सचिव मनोज कुमार सिंह अउर डीजीपी प्रशांत कुमार आजु प्रयागराज महाकुंभ नगर क दौरा कइलें। ओहां के संगम घाट के ओह सेक्टर क निरिक्षण कइलीं जहवां काल्हि एगो दोखद घटना में तीस जने क मउति हो गइल रहे। ओहां के केन्द्रीय अस्पताल पहुंच के घाही लोगिन के इलाज क जनकारी लेहलीं। दुन्नो सीनियर अधिकारी महाकुंभ मेला इलाका में सुरक्षों के इतिजाम क समीक्षा कइलें।

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि भइल दुरघटना के बादे मुख्य सचिव आ डीजीपी के मौका मुआइना कइके हालति के आकलन कइलें आ घटना से जुड़ल पुरहर रिपोर्ट देवे के निरदेस देहले रहलिनि। येह मामिला मे मुख्यमंत्री काल्हि संझा पीड़ितन बदे आरथिक सहायता अउरि न्यायिक आयोग के गठन क घोषणा कइलें रहलें। मुख्यमंत्री कहलन कि तीन सदसीय न्यायिक आयोग पूरा मामिला क जांच करी आ आपन रिपोर्ट राज्य सरकार के सौंपी। ओहा के घटना में जान गंवावे वाले हर एक मृतक के परिवार के पचीस लाख रूपिया क आरथिक सहायता देवे के घोषणों कइलिनि।

**परिवारजनों को प्रदेश सरकार की तरफ से पच्चीस पच्चीस लाख रुपये की आर्थिक सहायता की घोषणा भी कर रहे हैं और न्यायिक आयोग इस पूरे मामले को तय करके एक समय सीमा के अंदर राज्य सरकार को अपनी रिपोर्ट देगा।**

आजु से तीन सदस्यीय न्यायिक आयोग अपना काम कइ दिहलस।

**********

प्रयागराज महाकुंभ में मौनी अमौसा पर सरधालुअन के सुरक्षित उनके ठेकाना ले पहुंचावे बदे काल्हि प्रयागराज रेल मंडल दुइ सौ बाइस मेला स्पेसल ट्रेनन क संचालन कइले। रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव आजु नई दिल्ली में संवाददाता लोगिन से बतियावत कहलें कि काल्हि मौनी अमौसा पर महाकुंभ में आइल सरधालुअन खातिर पूरा राति लगतारे ट्रेन चलावल गइलिनि।

***महाकुंभ में जो श्रद्धालु भक्तजन आए हैं, उन सबके रेलवे की सर्विसिज के लिए कल करीब तीन सौ चौसठ ट्रेन्स चली हैं। लगातार राज्य सरकार के साथ कॉर्डिनेशन करके करीब–करीब बारह लाख से अधिक श्रद्धालुओं को रेलवे के माध्यम से अपने गन्तव्य स्थान तक पहुंचाया गया है।***

**********

प्रदेस सरकार प्रयागराज के महाकुंभ मेला इलाका में नो व्हीकल जोन व्यवस्था के चारि फरौरी ले बढ़ा दिहले हौ। भीड़ आ यातायात प्रबंधन अउरि सरधालुअन क सुरक्षा तय करे बदे ई फइसला लिहल गइल हौ। आकाशवाणी समाचार से बतियावत प्रयागराज जिला क अपर पुलिस अधीक्षक यातायात अंशुमान मिसिर कहलन की खाली जरूरी सेवा वाले गड़ियन के मेला इलाका में परवेस क आदेस बा।

***हमारे जो भी श्रद्धालुगण हैं उनकी सुरक्षा सर्वोपरि है और हमको उनकी सुरक्षा और उनके सुरक्षित प्रस्थान के दृष्टिगत इसको हम टाइम टू टाइम बढ़ाते जा रहे हैं जब तक हमारे श्रद्धालुगण यहां से मूमेंट नहीं कर पा रहे हैं। इस स्थिति में सीमित परमिशिबल वाहन जिनको परमिट दिया जा रहा है, जो हमारी विशेष सेवाओं में लगे हैं, इसके अतिरिक्त वाहनों के बाहर जाने को तो अनुमन्य किया जा रहा है लेकिन हम मेले में एंट्री देने के लिए अनुमन्य इनको नहीं किया जा रहा है।***

**********

राष्ट्रपिता महात्मा गांधी क पुण्यतिथि आजु पूरा देस में सहीद दिवस के रूप में मनावल जा रहल हौ। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ के जीपीओ पार्क के महात्मा गांधी के मुरती पर आजु फूल चढ़ा के उन्हें सरधांजलि दिहलें। एगो सोसल मीडिया सनेसा में मुख्यमंत्री कहलें कि बापू क सिक्षा अउर उनकर त्यागमय जिनगी विश्व सान्ति क राहि देखावे ला। बनारस जिला कै रेल इंजन कारखाना–बरेका में येह मौका पर महाप्रबंधक नरेश पाल सिंह के मौजूदगी में दुइ मिनट क मौन रखि के राष्ट्रपिता के सरधांजलि दीहल गइल। जौनपुर के वीर बहादुर सिंह पूर्वांचल विश्वविद्यालय में सरधांजलि सभा क आयोजन कइ के राष्ट्रपिता के व्यक्तित्व अउर कृतित्व के इयादि कइल गइल। गोरखपुर अउर मऊ जिला में महात्मा गांधी के सरधांजलि अरपित कइ के स्पर्श कुष्ठ जागरूकता अभियान क सुभारम्भ भइल।

**********

वक्फ संसोधन विधेयक दुइ हजार चउबीस से जुड़ल संयुक्त संसदीय समिति आजु संसद भवन में लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला के आपन रिपोर्ट सउंपि दिहलस। काल्हि नई दिल्ली में मीडिया से बतियावत समिति क अध्यक्ष जगदम्बिका पाल बतवलें कि समिति विधेयक से जुड़ल चउदह खण्ड के संसोधन के मंजूर कइ लिहले हवे। उहां के कहलीं कि पछिला छौ महिन्ना में येह विधेयक पर पुरहर बिचार–बिमर्स भईल।

**********

जौनपुर जिला के मुगराबादशाहपुर थान्हा इलाका के सतहरिया में आजु तड़के एगो कार अउर बस के टक्कर में कार सवार तीनि जने क मउति हो गइल। दुरघटना में तीनि गो अउरियो लोगि घाही हो गइलें। महराजगंज जिला क रहवइया ई सज्जो लोगि प्रयागराज महाकुंभ में मौनी अमौसा नहा के वापिस लवटत रहलें।

**********